# Халықты дизимге алыў бойынша ушырасыў болып өтти

2021-жылдың 4-март күни Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2020-жыл 11-ноябрде  "Өзбекстан Республикасында 2023-жылда халықты дизимге алыўға таярлық көриў ҳәм оны өткериў режелери ҳаққында"ғы 710-санлы қарарда белгиленген ўазыйпаларды орынлаўын тәмийинлеў мақсетинде ушырасыў өткерилди.

Image not found or type unknown

Ушырасыўда Қарақалпақстан Республикасы бәнтлик ҳәм мийнет қатнасықлары министри орынбасары Б.Ильясов, Қарақалпақстан Республикасы статистика басқармасы баслығы орынбасары К.Омаров ҳәм дизимге алыўды шөлкемлестириў ҳәм өткериў бөлими қәнийгеси қатнасып, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 710-санлы қарарының мазмуны-мәниси ҳаққында айтып өтилди.

Image not found or type unknown

Соның менен бирге  2023-жылда халықты сынаў тийкарында дизимге алыўда қатнасатуғын шахсларға ҳақ төлеў муғдары,  Өзбекстан  Республикасында  2023-жылда халықты дизимге алыўға таярлық көриў ҳәм өткериў ҳәмде нәтийжелерин дағаза кылыў бойынша “Жол карта” тастыйықланғанлығы ҳаққында түсиндирип өтилди.